Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого хур.

Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета





№ 11 (6947) 17 март 2025 с. Итни Рамазан 1446 с. Багъа - эркенаб


БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## СВОялдаса тIадруссинчIел бакълъулазул улбузухъе сапар

### Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо баркана

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалипов гьоболлъухъ щвана, спецоперациялда рагъулаб борч борхулаго гIумруялдаса ватIалъарав, Бихьинчилъиялъул орденалъе мустахIикълъарав, ДРялда бугеб Каспиялъулаб Росгвардиялъул СОБРалъул хIалтIухъан, МелъелтIа росулъа кIуди-яв лейтенант Шамил ХIажимурадовасул эбел Умият ХIажимурадовалъухъе.**















Бакълъулазул нухмалъулев гьединго дандчIвана ЧIиркъатIаса бахIарчи ГIазиз Идрисовасул эбел Муъминат МухIамадтIаминовагун. Данделъиялда гIахьаллъана чIиркъдерил бегавул МухIамадрасул МухIамадовги. Буйнаксалда йигей СВОялъул гIахьалчи Халил Мутаиловасул кIодоэбел, 10 лъимадуе тарбия кьурай Маржанат Мутаиломовалъухъеги щвана Гъалипов. Гьелъул васасул вас, СВОялда рагъулаб борч борхулаго, араб бакI лъачIого тIагIана. БахIарзазул улбузда Гъалип Гъалиповас баркана Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо – 8 Март.



Районалъул нухмалъулес СВОялъул рагъухъабазул улбузда, кIодоэбелазда бицана СВОялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизамазе кумек гьабиялъул суалазде республикаялъул ва бакIалъулаб тIалъиялъ кIудияб бербалагьи буссинабун букIиналъул. Гьес цIех-рех гьабуна тIуразе хIажатал суалал ругодаян ва абуна нахъеккунги ВатIан цIунулезул тIалабал тIуразе бажарараб гьабизе бугин. Байрамалъул хIурматалда Гъалиповас сайгъаталги кьуна бахIарзазул улбузе.

Бакълъул мухъалъул нухмалъулесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевасги баркана спецоперациялъул гIахьалчагIазул улбузда руччабазул къо. Гьедин, гьев дандчIвана СВОялдаса тIадвуссинчIев ЦIундиЩабдухъа гьитIинав лейтенант ГIумар Асадулаевасул эбел Тоа Юсуповагун. Муниципалитеталъул бетIерасул рахъалдасан сайгъатги кьуна ДавудхIажиевас ва гьарана Юсуповалъе щулияб сахлъигун халатаб гIумру, сундулъго икъбал.

Гъалип Гъалиповасул тIадкъаялда рекъон, ТIад Инхо росдал бегавул МухтарахIмад МухIамадовас 8 Март баркана СВОялдаса тIадвуссинчIев МухIамад ГIабасовасул эбел Гулжан МуртазагIалиевалда ва ВатIаналъе гIоло рухI кьурав АхIмад МухIамадовасул эбел ПатIимат МухIамадовалда. Гьесда цадахъ байрам бахIарзазул улбузда баркана ТIад Инхо росдал гьоркьохъеб школалъул директор Мусалав МухIамаднуровас.

Бакълъулазул администрациялъул хIисаб гьабиялъул отделалъул нухмалъулев Пахродин МухIамадов сайгъаталгун щвана СВОялъул гIахьалчи Иляс МухIамадовасул хъизамалъухъе. Рагъухъанасул лъималаз ва чIужуялъ гIумру тIамулеб буго ЦIияб Аргъвани росулъ. Гьев живго нилъедаса ватIалъана. Пахродин МухIамадовас районалъул бетIерасул ва жиндирго рахъалдасан гьарана ПатIиматие, лъималазе щулияб сахлъи, кинабго рахъалъан цебетIей, рекIел мурадал тIурай.

«КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 80 сон ин» абураб ракIалдещвеялъул медаль кьуна ва 8 Март баркана КIудияб ВатIанияб рагъул ветеран Къади КъадимухIамадовасул хъизан, Бакьулъ Гъарадирихъа 95 сон барай Муъминат ИбнухIажаровалда.

Бакълъул районалъул нухмалъулесул ва жиндирго рахъалдасан гьелда байрам баркана муниципалитеталъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас. Гьединго Муъминатида баркана «ВоИн» жамгIияб идараялъул бакълъулазул мухъалда бугеб отделениялъул нухмалъулев Багьавудин МухIамадовас, росдал бегавул Жамалудин Жамалудиновас, цIалдохъабаз ва цогидаз. Гьелъие гIарцулаб кумекги гьабуна.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:




**Ракьул гIорхъоде щвезегIан газил рогIрал чIорого рачин, унтаразе дараби чIезари…**

**- 2 гьум.**







**Рамазан моцIалъул хIурматалда данделъана**

**- 2 гьум.**







**«Дица дунялалде ахIизе буго дун рагъухъанасул Эбел йигин!»**

**- 2 гьум.**





**Инхоса ГIали-ХIажиясул сон рагьиялъул фестивалалда кIалъай**

**- 2 гьум.**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Ракьул гIорхъоде щвезегIан газил рогIрал чIорого рачин, унтаразе дараби чIезари…

### Анкьил хIасилал гьаруна

**2025-абилеб соналъул 10-абилеб марталда Гумбет районалъул администрациялда муниципалитеталъул бетIер Гьалип Гьалиповасул нухмалъиялда тIабигIияб газ росабалъе бачиналъул, унтаразе дараби, квен чIезариялъул, диспансеризация нухдаинабиялъул ва цогидал суалал рорхараб дандельи тIобитIана.**

Гьел ва цогидал кIвар бугел суалазул халгьабиялъул дандеруссиналда гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместитель МухтарахIмад АхIмадов, республикаялъулал ва бакIалъулал идарабазул нухмалъулел ва цогидал.

Районалъул нухмалъулес цIех-рех гьабуна Централияб районалъул больницаялъул бетIерав тохтурасул заместитель Зайнаб Насрулаевалда унтаразул къадаралъул, районалда ругел медицинаялъул идараби дарабигун ва кванил нигIматаздалъун хьезариялъул хIакъалъулъ. Насрулаевалъул рагIабазда рекъон, районалъул Централияб больницаялда



регун руго 82 унтарав. Гьелъ гьединго бицана районалъул больницаялъул минаялда капиталияб ремонт гьабизе байбихьун букIиналъул.

Гумбет мухъалъул РЭУ-ялъул нухмалъулев Каримула МухIамадовас баян гьабуна социалияб газификациялъул хIакъалъулъ. «Социалияб газификация ккола гьанже бугеб газалъул мухъалдаса гражданазул ракьул гIорхъабазде щвезегIан чIобого газалъул рогIрал раялъул хIалтIи. Гьеб программаялъулъ гIахьаллъизе рес буго бакълъулазулги», - ян кIвар буссинабуна МухIамадовас.

Гьединго гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ бицана тадбиралъул цогидал гIахьалчагIазги. Дандеруссиналъул ахиралда Гьалип Гьалиповас тIадкъаял кьуна ва рихьизаруна гIагараб заманалда тIурае хIажатал масъалаби.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ДИНАЛЪУЛЪ – ХВАСАРЛЪИ

## Рамазан моцIалъул хIурматалда данделъана

### ГурхIелгун рахIму цIикIкIаги

**Гьзизилюрталда хирияб Рамазан моцIалъул хIурматалда бакълъулазул мажлис-ифтар тIобитIана. Гьеният гIахьаллъи гьабуна Гумбеталъул нухмалъулев Гьалип Гьалиповасги.**

Жиндирго кIалъаялъулъ бакълъулазул нухмалъулес кIвар буссинабуна гьоркьоблъи цIуниялде, цолъиялде, цоцазе квербакъи гьабиялде. Гьесул рагIабазда рекъон, гурхIелрахIму цIикIкIараб жамагIат кинабго рахъалъан цебетIураб букIуна.

Гьединго, муниципалитеталъул нухмалъулес гIолилаздехун хасаб хитIаб гьабуна. Гьес баян гьабуна цIиял гIелал битIун куцаялъул бугеб кIвараралъул. Ракьцоязе хирияб



Рамазан моцIалъ Гьалип Гьалиповас гьарана гIибадаталъе къуват, сундулъго икъбал ва чIахIиял бергьенлъаби. Гьес гьединго баркала загьир гьабуна мажлис гIуцIаразе.

**Макка МухIамадова**

УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН

## «Дица дунялалде ахIизе буго дун рагъухъанасул Эбел йигин!»

### Республикаялъулаб руччабазул форумалда гIахьаллъана бакълъулазул руччаби

**ДРялъул музикалиябгун драмаялъулаб ГIалим-Паша Салаватовасул цIаралда бугеб лъарагIазул театралда «Дица дунялалде ахIизе буго дун рагъухъанасул Эбел йигин!» абураб республикаялъулаб руччабазул форум тIобитIана.**

Рагъулал хъулухъчагIазул, хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазул хъизаназе квербакъи ва тарихияб ракIалдещвей цIуни мурадалда тIобитIараб форумалда гIахьаллъи гьабуна Бакълъул мухъалъул руччабазул гIуцIиялъул вакилзабаз ва СВОялдаса васал



тIадруссинчIел улбуз.

Гьеб тадбиралда ИгьалисаПатIимат ГIабасхIажиевалъе, ЩIунди-Щабдухъа Чакар Гьазилаевалъе ва ЩIиликьа Бахтикай ГIалиевалъе Дагъистаналъул руччабазул гIуцIиялъул рахьалдасан ракIалдещвеялъул медалалги кьуна.

Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къоялъул хIурматалда гьезие Гумбет районалъул нухмалъулев Гьалип Гьалиповас гьуинал сайгъаталги ритIун рукIана.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

## Инхоса ГIали-ХIажиясул сон рагьиялъул фестивалалда кIалъай



**2025-абилеб соналъул 26-абилеб февралалда Бакълъул мухъалда Инхоса ГIали-ХIажи гьавуралдаса 180 сон иналъул хIурматалда тIобитIараб «БагIарбилил хъала» абураб фестивалалда муниципалитеталъул бетIер Гьалип Гьалиповас гьабураб кIалъай.**

«Ассаламу гIалайкум, хIурматиял гьалбал ва бакълъулал! Баркула киназдаго Дагъисталъул адабияталъе кьучI лъуразул цояв, классик, гIалим ва гIакъил Инхо ГIали-ХIажияс 180 сон тIубалеб лъагIел тIаде щвей!ЛъикI щварал бакълъулазул ракьалде, Инхоса ГIали-ХIажиясул ВатIаналде!

Инхоса ГIали-ХIажиясул цIар машгьурлъана гьес гIумру гьабураб XIX гIасруялдаго. ХIежалда гьев дандчIвана Шамил имамгун ва гьеният хъвана «Мадиннатун-наби» абураб поэма.

Жиндир заманалъул гIалимзабаз кIудияб кьимат кьолаан Инхоса ГIали-ХIажиясе, гьесул гьваридаб гIелмуялъе ва бегIераб каламалъе. ГIалимчи ва шагIир ГIахьалчIиса МуртазагIалихIажияс гьадин хъвана гьесул хIакъалъулъ:

Султlан-ХIабибасухъ гIишкъу бергьарав,
ГIали-ХIажилги рухI босун рагIула.
Гьаб диналъул агълу угьдилебги тун,
Индиразул росулъ кънщун рагIула.
Гьардарав гуревдай мун, ГIали-ХIажи,
Дурго ХIабибасухъ хIасратлъун арав.
Дудаги урхъичIев лъида урхъилев,
АсхIабзаби рехсон, рохел бачIарав.

ГIали-ХIажиясул асарал басмаялде рахьизе кIудияб хIалтIи гьабуна ЧIохъа МухIамад-Мирза Мавраевас, Аргъваниса ГIабдулатIип Шамхаловас, Инхоса ГIусманхIажи МухIамадовас, ЛъагIилухъа ГIабасил МахIамадица, Гьонодаса МухIамад АхIмадовас ва цогидазги. Гьесул рухIияб ирсалда тIасан гIелмиял хIалтIаби хъвана академик ХIажи ХIамзатовас, филологиял гIелмабазул доктор, профессор Сиражудин ХIайбулаевас, филологиял гIелмабазул доктор Чакар Юсуповалъ, филологиял гIелмабазул кандидат Маржанат ХIажиахIмадовалъ, филологиял гIелмабазул кандидат Шанисат ХIажиловалъ.

Инхоса ГIали-ХIажиясул асарал гIурус мацIалде руссинаруна машгьурал таржамачагIи Яков Козловскияс, Владимир Державиница, Рувим Мораница. Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул цолъиялъ хIалтIи гьабулеб буго гьесул цогидал асарал Дагъисталъул ва тIолго Россиялъул халкъазул мацIазде руссинаризе.

ГIали-ХIажиясул кицабиял алфазал рельъуна ГIумар ХIаямил къокъал асаразда.

ГIелму камилаб кkве, квелъ щулияб кkве,
Кинафго чагIигун хIал цолъун вукIа, – абун хъвана ГIали-ХIажияс. Гьесул литературияб ирсалъул кIудияб кIвар буго гIолел гIелал ВатIан бокьулеллъун, иман щулияллъун, яхI-намус цIикIкIараллъун лъугьиналъе.

Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас кIудияб хIалтIи гьабуна Инхоса ГIали-ХIажиясул асарал Россиялъул халкъазда гьоркьор тIиритIизариялъе. Нилъеда тIадаб буго классикасул адабияб хазина цIи-цIиял наслабахъе кьезе. Исана Бакълъул районалъул школазда тIоритIулел руго ГIали-ХIажиясул асарал ракIалдасан цIалиялъул къецал. Хасалихъе ТIад Инхо, Эндиреялда ва МахIачхъалаялда гьаризе руго гьесул хIурматалда дандеруссинал, мажлисал.

Хасалил цIороялъухъ ралагьичIого, жакъасеб фестивалалде рачIарал киналго гьалбадерие ва ракьцоязе кIудияб баркала кьезе бокьун буго. Аллагьас нужер сапар къабул гьабеги, Инхоса ГIали-ХIажиясул баракат нилъееги камугеги»,- ян абуна Гьалиповас.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАДАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Жуковасул медалалдалъун кIодо гьавуна МухIамад ХIажиев

**Бакълъул районалдаса спецоперациялъул гIахьалчи МухIамад ХIажиев мустахIикълъана Жуковасул ва «За отвагу» медалазе. ШапакъатаI ВатIан цIунулесе кьеялъул Амруялда гъулбас гьабуна Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница.**

ТIоцересел къояздасаго гIахьаллъи гьабулеб буго МухIамадица спецоперациялъулъ, бахIарчиго тIуралел руго рагъулал тIадкъаял ва борхатго ккун буго бакълъулазул цIар. Цере рехсарал шапакъатал гурелги руго гьесул. Гьедин, щвана «Год на страже неба Отечества», «Участнику специальной военной операции» абурал ва гь. ц.

Бакълъул районалъул бетIер Гьалип Гьалиповас баркана МухIамад ХIажиевасда шапакъат щвей, гьарана щулияб сахлъигун халатаб гIумру ва бергьенлъигун тIадвуссин.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

РИТМ ГУМБЕТА

## Бесплатная юридическая помощь участникам СВО и членам их семей

**Правовая помощь — одна из самых востребованных мер поддержки участников СВО, в частности, в вопросах оформления льгот и предоставления мер социальной поддержки. В соответствии со статьей 28 Федерального закона от 21.11.2011 № 324-ФЗ «О бесплатной юридической помощи в Российской Федерации» органы местного самоуправления осуществляют правовое информирование и правовое просвещение населения в соответствии с муниципальными правовыми актами.**

Правом на получение бесплатной юридической помощи обладают участники СВО, граждане РФ, призванные по мобилизации на военную службу в Вооруженные Силы РФ, и члены их семей, а именно:

– супруга (супруг);

– дети старше 18 лет, ставшие инвалидами до достижения ими возраста 18 лет;

– дети в возрасте до 23 лет, обучающиеся в образовательных организациях по очной форме обучения;

– лица, находящиеся на иждивении военнослужащих;

– родители военнослужащего;

– опекуны (попечители), воспитывавшие несовершеннолетних,

относившихся к числу детей-сирот, детей, оставшихся без попечения родителей, до достижения ими совершеннолетия, которые являлись участниками специальной военной операции и погибли (умерли, признаны безвестно отсутствующими, объявлены умершими).

Правовая помощь указанным категориям граждан оказывается по вопросам предоставления мер социальной поддержки в связи со специальной военной операцией и в иных случаях, установленных законодательством Российской Федерации. Помощь участникам СВО и членам их семей будут оказывать ежедневно (кроме выходных и праздничных дней) с 10 до 16 часов следующие ответственные лица:

- по общим вопросам – заместитель главы администрации МР «Гумбетовский район» Давудгаджиев Алихан Ибрагимгаджиевич,

тел.: +7 929 870-27-79;

e-mail: alikhan1968i@mail.ru;

- по правовым вопросам – начальник юридического отдела администрации МР «Гумбетовский район» Алиев Шамил Хадисович,

тел.: +7 928 834-28-44;

e-mail: ksp.gumbet@mail.ru;

- по вопросам предоставления государственных и муниципальных услуг - юрисконсульт филиала МФЦ РД по Гумбетовскому району Абдурахманова Асият Хайбулаевна, тел.: +7 967 398-21-31;

e-mail: asiyat-88@mail.ru.

**Администрация Гумбетовского района**

РИТМ ГУМБЕТА

## В Нижне-Инховской школе прошло занятие по пожарной безопасности

**В Нижне-Инховской средней школе Гумбетовского района командир отделения Пожарной части № 45 с. Мехельта Джаватхан Юсупов и инструктор по пожарной безопасности Аслудин Шапиев провели занятие, направленное на повышение осведомлённости учеников о правилах пожарной безопасности.**



В ходе мероприятия пожарные рассказали школьникам о том, как правильно действовать при пожаре, какие меры предосторожности следует соблюдать, чтобы избежать возгорания.

На занятии внимание было уделено и правилам использования огнетушителей — пожарные показали, как правильно применять эти устройства для тушения пожара. Мероприятие прошло в дружеской и непринуждённой обстановке.

**РИО «Гумбет»**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## Отдел МВД России по Гумбетовскому району предлагает варианты трудоустройства

**Предлагает гражданам один самых престижных вариантов трудоустройства в настоящее время — это служба в полиции, непростая, но очень важная и необходимая работа, требующая профессионализма, выносливости, хорошей физической подготовки и умения логически мыслить.**



На службу принимаются граждане Российской Федерации от 18 до 50 лет:

-с образованием не ниже среднего;

-не привлекавшийся к административной и уголовной ответственности;

-соответствующие квалификационным требованиям, способные по своим личным и деловым качествам, физической подготовке и состоянию здоровья выполнять служебные обязанности сотрудника органов внутренних дел.

Преимущество при приеме на службу предоставляется следующим категориям граждан: дети-сироты и дети, оставшиеся без попечения родителей, дети военнослужащих, участвующих (участвовавших) в специальной военной операции на территории ЛНР, ДНР, Запорожской и Херсонской областей в период проведения СВО, дети ветеранов ОВД и дети сотрудников ОВД, погибших при исполнении служебных обязанностей. Сотрудникам органов внутренних дел предоставляются следующие социальные льготы и гарантии:

-денежное довольствие сотрудника ОВД на первоначальном этапе службы составляет от 35 000 рублей до 45 000 рублей, в зависимости от замещаемой должности;

-возможность бесплатного обучения в высших учебных заведениях системы МВД России;

-оплачиваемый учебный отпуск;

-в обязательном порядке предоставляется государственное личное и дополнительное социальное страхование;

-бесплатное медицинское обслуживание (поликлиники, госпитали, санатории на территории РФ);

-предоставляется оплачиваемый очередной ежегодный отпуск продолжительностью 40 календарных дней, дополнительный отпуск за стаж службы в органах внутренних дел, дополнительный отпуск за ненормированный служебный день и отпуск по личным обстоятельствам.

-после 10 лет службы в органах внутренних дел предоставляется право на получение единовременной социальной выплаты для приобретения либо строительства жилого помещения;

-после 20 лет службы в органах внутренних дел предоставляется право выхода на пенсию (по некоторым должностям в ОВД предоставляется право выхода на пенсию на льготной основе).

По вопросу трудоустройства обращаться по телефону: 8 (8722) 99-69-15 или по адресу: с. Мехельта, ул. Центральная 104.

График приема документов: понедельник – суббота с 08:00 до 18:00, перерыв с 12:00 до 14:00.

**М. А. Адилгереев, врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Данух»

### Решение № 13

**от 30 декабря 2024 года** **с. Данух**

**Собрание депутатов постановляет :**

**Утвердить бюджет сельского поселения «село Данух на 2025 год и на плановый период 2026 и 2027 год.**

**1.Доходная часть.**

| ВИД доходов | 2025 г. | 2026 г. | 2027 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 3136,2 | 2446,3 | 2446,3 |
| Налог на доходы физических лиц | 31,0 | 31,0 | 31,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| Земельный налог | 23,0 | 23,0 | 23,0 |
| ЕСН | 6,0 | 6,0 | 6,0 |
| Субвенция | 206,7 | 224,0 | 232,9 |
| **ВСЕГО:** | **3407,9** | **2735,3** | **2744,2** |

**2. Расходная часть.**

| Вид расходов | 2025 г. | 2026 г. | 2027 г. |
|---|---|---|---|
| Глава администрации | 692,0 | 585,0 | 585,0 |
| Аппарат управления | 1424,0 | 1181,3 | 1189,3 |
| Учреждения культуры | 920,2 | 617,0 | 619,0 |
| ВУС | 206,7 | 224,0 | 232,9 |
| ФК и спорт | 20,0 | 10,0 | 10,0 |
| Молодежная политика | 10,0 | 8,0 | 8,0 |
| ЖКХ (Благоустройство) | 105,0 | 80,0 | 80,0 |
| Резервный фонд | 30,0 | 30, | 30,0 |
| **ВСЕГО:** | **3407,9** | **2735,3** | **2744,2** |

**Председатель Собрания** **Сайпилаев Ю. М.**

ДОКУМЕНТЫ

# Сообщение о возможном установлении публичного сервитута

**Наименование уполномоченного органа, которым рассматривается ходатайство об установлении публичного сервитута (далее-ПС, Ходатайство): Администрация МР «Гумбетовский район» РД.**

Цель установления ПС: Складирование строительных и иных материалов, возведение некапитальных строений, сооружений (включая ограждения, бытовки, навесы) и (или) размещения строительной техники, которые необходимы для обеспечения строительства линейного объекта системы газоснабжения и его неотъемлемых технологических частей: «Распределительный газопровод в с. Чирката Гумбетовского района Республики Дагестан» в соответствии с пунктом 2 статьи 39.37 Земельного Кодекса Российской Федерации.

Адрес или иное описание местоположения земельного участка, в отношении которого испрашивается ПС: 05:25:000000:61, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, с Чирката; 05:25:000003, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н. Гумбетовский, с. Чирката; 05:25:000003:16, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, под автомобильную дорогу республиканского значения «Араканайская площадка-Унцукуль-Сагринский мост»; 05:25:000003:707, расположенный по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский р-н, с Чирката; 05:25:000003:964, расположенный по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский р-н, с Чирката, ул Набережная; 05:25:000003:965, расположенный по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский р-н, с. Чирката, ул. Им Бадрудина Афанди; 05:25:000003:966, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, с. Чирката, ул. им. Ахмадхаджи Абдулаева; 05:25:000003:967, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, с. Чирката, ул. Им. Саида Афанди; 05:25:000003:968, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, с Чирката; 05:25:000008:748, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский; 05:25:000034, расположенный по адресу: Дагестан респ, Гумбетовский р-н, с. Чирката, участок № 1; 05:25:000034:295, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н. Гумбетовский, уч-к. Госскотопрогона; 05:25:000039:1, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, с Чирката;

Адрес, по которому заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим Ходатайством и прилагаемым к нему описанием местоположения границ ПС, подать заявления об учете прав на земельные участки, а также срок подачи указанных заявлений, время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим Ходатайством: Администрация МР «Гумбетовский район» РД, адрес: РД, Гумбетовский, с. Мехельта, Центральная ул., д. 1 тел. +7 (87272) 2–62–00, эл. почта: m.o.gumbet@mail.ru, время приема: по предварительной записи. Срок подачи заявлений: в течение 15 дней со дня опубликования настоящего сообщения о возможном установлении ПС. Официальные сайты в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещается сообщение о поступившем Ходатайстве: http://mo-gumbet.ru

Реквизиты решений об утверждении документа территориального планирования, документации по планировке территории, программ комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, а также информация об инвестиционной программе субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, указанных в Ходатайстве: 1. Программа «Газификация жилищно-коммунального хозяйства, промышленных и иных организаций Республики Дагестан на 2022 – 2031 годы», соглашения о взаимном сотрудничестве и Договоры по газификации между администрациями регионов РФ и ПАО «Газпром», предусматривающие осуществление программы газификации в регионе; концепция участия ПАО «Газпром» в газификации регионов РФ, утвержденная Постановлением Правления ОАО «Газпром» 30.11.2009 №57; 2. Распоряжение Правительства РФ от 15 декабря 2021 г. № 3603-р «Об определении ООО «Газпром газификация» единым оператором газификации подтверждает сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута».

Сведения об официальных сайтах в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещены утвержденные документы территориального планирования, документация по планировке территории, программа комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, инвестиционная программа субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, которые указаны в Ходатайстве: http://mo-gumbet.ru

Описание местоположения границ ПС: в соответствии с графическим описанием местоположения границ ПС, с которым можно ознакомиться по адресу: Администрация МР «Гумбетовский район» РД, адрес: РД, Гумбетовский, с. Мехельта, Центральная ул., д. 1 тел. +7 (87272) 2–62–00, эл. почта: m.o.gumbet@mail.ru.

Кадастровые номера земельных участков, в отношении которых испрашивается ПС: кадастровые номера земельных участков указаны в пункте 3 настоящего сообщения.

# Сообщение о возможном установлении публичного сервитута

**Наименование уполномоченного органа, которым рассматривается ходатайство об установлении публичного сервитута (далее-ПС, Ходатайство): Администрация МР «Гумбетовский район» РД.**

Цель установления ПС: Строительство и эксплуатация линейного объекта системы газоснабжения «Распределительный газопровод в с. Оркачи Хунзахского района Республики Дагестан».

Адрес или иное описание местоположения земельного участка, в отношении которого испрашивается ПС: 05:25:000000:61, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский; 05:25:000003, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, с Чирката; 05:25:000003:1075, расположенный по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский р-н, с Чирката; 05:25:000003:16, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н. Гумбетовский, с. Чирката; 05:25:000003:707, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, под автомобильную дорогу республиканского значения «Араканайская площадка-Унцукуль-Сагринский мост»; 05:25:000003:745, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, с Чирката; 05:25:000003:831, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, с. Чирката; 05:25:000003:964, расположенный по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский р-н, с Чирката; 05:25:000003:965, расположенный по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский р-н, с Чирката, ул Набережная; 05:25:000003:967, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, с. Чирката, ул. им. Ахмадхаджи Абдулаева; 05:25:000003:968, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, с. Чирката, ул. Им. Саида Афанди; 05:25:000003:969, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, с. Чирката, ул. Им. Магомеда Сабуева; 05:25:000003:980, расположенный по адресу: Респ Дагестан, Гумбетовский р-н, с. Чирката, ул. Центральная, 66а; 05:25:000003:984, расположенный по адресу: Республика Дагестан, Гумбетовский район, с. Чирката, ул. Им Имама Газимагомеда, д. 22 а; 05:25:000008:748, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский, с Чирката; 05:25:000034, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н Гумбетовский; 05:25:000039:1, расположенный по адресу: Республика Дагестан, р-н. Гумбетовский, уч-к. Госскотопрогона

Адрес, по которому заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим Ходатайством и прилагаемым к нему описанием местоположения границ ПС, подать заявления об учете прав на земельные участки, а также срок подачи указанных заявлений, время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим Ходатайством: Администрация МР «Гумбетовский район» РД, адрес: РД, Гумбетовский р-н, с. Мехельта, Центральная ул., д. 1 тел. +7 (87272) 2–62–006, эл. почта: m.o.gumbet@mail.ru, время приема: по предварительной записи. Срок подачи заявлений: в течение 15 дней со дня опубликования настоящего сообщения о возможном установлении ПС.

Официальные сайты в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещается сообщение о поступившем Ходатайстве: http://mo-gumbet.ru

Реквизиты решений об утверждении документа территориального планирования, документации по планировке территории, программ комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, а также информация об инвестиционной программе субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, указанных в Ходатайстве: 1. Программа «Газификация жилищно-коммунального хозяйства, промышленных и иных организаций Республики Дагестан на 2022 – 2031 годы», соглашения о взаимном сотрудничестве и Договоры по газификации между администрациями регионов РФ и ПАО «Газпром», предусматривающие осуществление программы газификации в регионе; концепция участия ПАО «Газпром» в газификации регионов РФ, утвержденная Постановлением Правления ОАО «Газпром» 30.11.2009 №57; 2. Распоряжение Правительства РФ от 15 декабря 2021 г. № 3603-р «Об определении ООО «Газпром газификация» единым оператором газификации подтверждает сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута».

Сведения об официальных сайтах в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещены утвержденные документы территориального планирования, документация по планировке территории, программа комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, инвестиционная программа субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, которые указаны в Ходатайстве: http://mo-gumbet.ru.

Описание местоположения границ ПС: в соответствии с графическим описанием местоположения границ ПС, с которым можно ознакомиться по адресу: Администрация МР «Гумбетовский район» РД, адрес: РД, Гумбетовский р-н, с. с. Мехельта, Центральная ул., д. 1; сайт: http://mo-gumbet.ru.

Кадастровые номера земельных участков, в отношении которых испрашивается ПС: кадастровые номера земельных участков указаны в пункте 3 настоящего сообщения.

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович Гизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова

Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.